

Kijan pou Jwenn Aksè nan Pòtal Fanmi an



Nouvo Pòtal Fanmi an bay yon andwa santral pou wè rezilta evalyasyon elèv ou a.

Ou ka Itilize Pòtal Fanmi an pou

- jwenn aksè nan rezilta elèv ou a pou Evalyasyon Eta Florid yo (FSA & NGSSS);
- enprime rezilta rapò nòt elèv ou yo

Kijan m ka jwenn aksè nan Pòtal Fanmi an?

- Nan Pòtal 'Florida Statewide Assessments': <https://fsassessments.org/>
- Oswa nan lyen dirèk: <https://fl-familyportal.cambiumast.com/>

Ki enfòmasyon map bezwen pou antre nan Pòtal Fanmi an?

- Nimewo kòd pèsònèl sis chif elèv ou a (li disponib nan Pòtal Elèv MDCPS la).
- Dat nesans elèv ou a.
- Non elèv ou a menm fason li ekri nan dosye lekòl li.

Ki enfòmasyon mwen ka jwenn nan Pòtal fanmi an?

- Rezilta egzamen elèv ou a pou ane lekòl 2020-2021 an
- Rapò Endividyèl Kanè elèv ou a avèk entèpretasyon gid yo.
- Glosè a
- Kesyon Yo Poze Souvan
- Nivo Pèfòmans Elèv yo

Ki kote pou mwen jwenn Kòd Aksè a?

Kòd aksè elèv ou a ap disponib nan Pòtal Elèv MDCPS la. Pou difikilte avèk Kòd Aksè a oswa pou jwenn aksè nan Pòtal Fanmi an, kontakte lekòl elèv ou a.